

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Runtuyan kecap atawa frasa dina kalimah bisa ngabalukarkeun ayana prosés komunikasi dina hirup kumbuhna manusa. Komunikasi bisa ngagunakeun wangun lisan, bisa ngagunakeun tulisan. Dina komunikasi, basa dipaké pikeun nepikeun pesen, gagasan, rasa, jeung maksud (Sudaryat, 2015, kc. 126). Tangtu waé dina komunikasi téh, kecap, frasa, jeung klausa jadi hiji beungkeutan nu teu bisa dipisahkeun dina ngawangun kalimah pikeun komunikasi. Kalimah mangrupa basa nu pangleutikna dina wujud lisan atawa tulisan, Alwi dina (Sumarni, 2016, kc. 36). Unggal kalimah pasti ngabogaan harti, boh diwangun ku sakecap atawa safrasa. Adegan kalimah anu diwangun ku susunan kecap, frasa, jeung klausa diulik ku paélmuan kabasaan, nu disebut tata kalimah (sintaksis) (Sudaryat, 2014, kc. 40). Sintaksis ngulik ngeunaan struktur kecap atawa urutan kecap nu boga pangaruhna kana harti saupama dina ngawangun kecap (Sundari, 2017, kc. 252). Sintaksis jadi peran nu penting dina paélmuan tata kalimah, kaasup ieu panalungtikan nu medar ngeunaan frasa. Frasa jadi bahasan nu remen dibahas dina sintaksis (Setyadi, 2017, kc. 187). Hususna frasa éksoséntrik nu teu miboga unsur inti bisa dipaké dina komunikasi sapopoé tur réa ogé dipaké dina nulis karya sastra.

Élmu ngeunaan kabasaan jadi hal nu ngirut, kulantaran masarakat teu bisa leupas tina ngagunakeun basa (Hakim, 2016). Panalungtikan ngeunaan frasa geus ilahar dilakukeun, ieu sababna aspek-aspek ngeunaan frasa perlu pikeun ditalungtik. Salasahiji masalahna nyaéta makéna frasa dina karya sastra tulis. Bisa tina wangun diréktorna atawa aksisna anu teu sarua jeung pola-pola anu tangtu. Ku kituna, paélmuan sintaksis bisa jadi tatapakan tiori pikeun panalungtikan frasa bisa ngabéréskeun masalah. Disagédéngeun ti éta ku lantaran sintaksis ngawengku unsur-unsur basa di antarana frasa, klausa, jeung kalimah, tangtu ngabogaan adegan unsur-unsur basa anu pakait nurutkeun pola-pola atawa kaidah-kaidah nu tangtu.

Objék ieu panalungtikan nyoko kana frasa éksoséntrik dina novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É. Frasa éksoséntrik nyaéta frasa anu distribusina atawa paripolah sintaksisna henteu sarua jeung unsurna (Sudaryat, 2013, kc. 160). Ieu frasa teu ngandung unsur nu nerangkeun jeung nu diterangkeun unsur puseur jeung panambahna. Unsur-unsurna sarua pentingna, tapi teu bisa dibagenténkeun, unsur nu hiji jeung unsur nu séjénna, atawa salasahiji unsurna teu bisa ngawakilan frasana. Aya dua wanda frasa éksoséntrik nu diulik, nyaéta frasa diréktif jeung frasa rélatif. Ambahan ulikan frasa éksoséntrik disawang tina wanda, adegan, jeung hartina.

Dina ieu panalungtikan katitén aya frasa anu teu sarua jeung pola-pola anu tangtu. Faktana aya dina novél *Kembang-Kembang Petingan* (paragraf 5, kc. 29)

“Ka luhurna kaos nu ngapas awak bari lahak kabina-bina, nepi ka katembong sapotong eusina”

Dina kalimah novél di luhur aya kecap ‘ka luhurna’ nu mangrupa frasa diréktif ku sabab ditandaan ayana diréktor ‘ka’ jeung aksis ‘luhurna’. Aksis ‘luhurna’ mangrupa kecap barang kusabab dituturkeun ku kecap barang jeung klausa ‘kaos nu ngapas awak’ hal ieu nuduhkeun yén aksis nu diwangun dina éta frasa diréktif miboga pola-pola anu béda. Nurutkeun formula tiori Sudaryat, frasa diréktif → UN-1: Diréktor + UN-2 : Aksis. Sedengkeun nu kaasup kana sumbu (aksis) mangrupa kecap sulur, kecap pagawéan, kecap sipat, kecap bilangan, kecap barang waktu, jeung frasa pangantét (Sudaryat, 2013, kc. 161).

Panalungtikan ngeunaan frasa nu kungsi dilaksanakeun di antarana panalungtikan (Najihah, 2015) nu judulna “Frasa Eksosentrik dalam Novel *Sebelas Patriot* Karya Andrea Hirata” ngeunaan frasa éksoséntrik dina basa Indonesia nu ngaguar ngeunaan data frasa éksoséntrik jeung pola-pola nu aya dina éta objék panalungtikan. Aya ogé “Frasa rélatif dina Kumpulan Carpon Oleh-Oleh Pertempuran Karangan Rukman H S (Tilikan Struktur jeung Semantis)” ku (Herlis, 2007) ngaguar wanda, struktur, jeung tatali harti antar unsur pangwangunna mung dina ieu panalungtikan teu loba ngaguar ngeunaan sumbu jeung aksisna, tuluy data nu digunakeun nyaéta carpon. Sagédéngéun éta, aya panalungtikan nu judulna “Frasa Pangantét dina Campaka Mangkat Antologi

Karya nu Ngarora” ku (Winarti, 2007) ieu panalungtikan ngaguar ngeunaan wanda, struktur, jeung tatali harti antar unsur pangwangunna.

Dina panalungtikan nu geus ditataan di luhur, tétéla panalungtikan ngeunaan frasa éksoséntrik sacara gemblering can kungsi dilakukeun dina wengkuan basa Sunda. Panalungtikan nu saméméhna saukur ngaguar sabagian tina frasa éksoséntrik. Aya nu kungsi ngaguar ngeunaan frasa éksoséntrik, tapi dina wengkuan basa Indonesia.

Satuluyna, bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjén leuwih museur kana struktur atawa pola frasana, lantaran dina objék panalungtikan kapanggih ayana struktur atawa pola nu teu tangtu. Sanajan aya sasaruana jeung wanda frasana nu kaasup frasa direktif jeung frasa relatif, tapi dina data, pola jeung hartina pasti aya bédana. Objék nu dipaké dina ieu panalungtikan ogé béda jeung panalungtikan saméméhna. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Frasa Éksoséntrik dina Novél *Kembang-Kembang Petingan* Karya Holisoh M. É. (Ulukan Struktur jeung Semantik) penting dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Loba hal nu bisa ditalungtik tina kajian sintaksis, hususna frasa. Frasa bisa kabagi jadi dua tipe, nyaéta frasa endoséntrik jeung frasa éksoséntik. Dina frasa éksoséntrik dibagi deui jadi dua nyaéta frasa diréktif anu ngabogaan ciri formal saperti ditandaan ku sumbu mangrupa kecap *preposisi* jeung aksisna nu mangrupa kecap barang, pagawéan, sipat, jst. Kitu deui, frasa rélatif anu diwangun ku kecap *(a)nu* salaku pananda jeung aksisna nu mangrupa kecap barang, pagawéan, sipat, jst. Ku kituna, perlu aya watesan masalah sangkan ieu panalungtikan leuwih fokus sarta teu lega teuing. Watesan masalah jeung ambahan tina ieu panalungtikan frasa éksoséntrik nu nyoko kana wanda frasa éksoséntrik, struktur frasa éksoséntrik, jeung patali harti antarunsurna. Dumasar kana watesan masalah, rumusan ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah tanya saperti ieu di handap.

- a. Kumaha wanda frasa éksosentrik dina novél *Kembang Kembang Petingan*?
- b. Kumaha struktur frasa éksoséntrik nu kapanggih dina novél *Kembang Kembang Petingan*?

- c. Kumaha patali harti antarunsur pangwangun frasa éksoséntrik nu aya dina novél *Kembang Kembang Petingan*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun frasa éksoséntrik basa Sunda nu kapanggih tina novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan pikeun maluruh jeung medar tilu hal nyaéta

- wanda frasa éksoséntrik dina novél *Kembang Kembang Petingan*;
- struktur frasa éksoséntrik dina novél *Kembang Kembang Petingan*; sarta
- patali harti unsur pangwangun frasa éksoséntrik dina novél *Kembang Kembang Petingan*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat tina segi téoritis, jeung mangpaat tina segi praktis.

1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban jeung ngamekarkeun tiori kabasaan ngeunaan frasa éksoséntrik, hususna paélman sintaksis.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun panalungtik jeung nu maca.

a. Manfaat pikeun panalungtik

Dipiharep ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan élmu frasa éksoséntrik, hususna ngeunaan wanda frasa éksoséntrik, struktur, jeung patali harti antarunsur pangwangunna. Salian ti ngajembaran élmu pangaweruh, ieu panalungtikan ogé jadi pangalaman langsung pikeun panalungtik dina widang kabasaan.

b. Manfaat pikeun nu maca

Dipiharep ieu panalungtikan bisa ngajembaran élmu pangaweruh sarta bisa jadi référénsi keur nu maca. Salian ti ngajembaran, dipiharep ieu panalungtikan bisa méré kontribusi pikeun panalungtikan kahareupna nu baris dilaksanakeun.

1.5 Raraga Tulisan

Struktur organisasi skripsi miboga fungsi pikeun méré gambaran dina ngalaksanakeun panalungtikan. Ieu skripsi disusun kabagi jadi lima bab saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan umum jeung husus panalungtikan, manfaat teoritis jeung praktis panalungtikan sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan tiori, eusina ngeunaan dasar tiori anu ngawengku frasa, wanda frasa, warna frasa, struktur frasa éksoséntrik, jeung semantik (patali harti antarunsur).

Bab III Méthode Panalungtikan, anu eusina ngawengku desain panalungtikan, sumber data, prosedur atawa alur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngawengku hasil tina ieu panalungtikan mangrupa data frasa éksoséntrik, wanda frasa éksoséntrik, struktur frasa éksoséntrik, semantik (patali harti antarunsur), jeung pedaran ngeunaan wujud pananda jeug aksis frasa éksoséntrik.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi, eusina kacindekan wanda frasa éksoséntrik, struktur frasa éksoséntrik, semantik (patali harti antarunsur), sarta implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan séjén.